

Eske ou gen yon andikap?



Eske ou bezwen èd pouabri oswa aksede a lokasyonabri?

Nou ka bay sèten kalite èd pou fè li pi fasil pou ou jwenn aksè nan sèvis ou bezwen yo. Kalite èd sa a rele yon akomodasyon rezonab. Ou gen dwa pou ou mande kalite èd sa a.

Kèk egzanz kondisyon ki ka rann li difisil pou ou jwenn aksè nan sèvis ou bezwen yo:

- Andikap pou wè, pale, oswa tande.
- Andikap mobilite (andikap ki fè li difisil pou deplase)
- Andikap kognitif (andikap ki ka rann li difisil pou konprann fòm yo oswa pou sonje randevou ou genyen)
- Pwoblèm sante mantal tankou angwas, depresyon, twoub bipolè, oswa eskizofreni

Kijan pou mwen mande yon aranjman rezonab?

- Ou ka mande èd paske ou gen yon andikap nan men manm pèsònèl la pandan nenpòt admisyon, evalyasyon, oswaabri.
- Ou ka ranpli Fòm Demann Aranjman Rezonab (**DHS-13**) la.
- Si w bezwen yon fòmilè ki an gwo lèt oswa yon lòt lang, ou ka vizite sitwèb DHS la oswa mande yon manm pèsònèl DHS oswa yonabri pou èd.
- Ou ka jwenn fòm sa yo sou entènèt: <https://www1.nyc.gov/site/dhs/about/applicants-and-clients-with-disabilities.page> oswa mande manm pèsònèl la fòm yo.
- Ou pa oblije ranpli fòm sa yo pou mande yon aranjman rezonab. Manm pèsònèl la ka ranpli fòm yo pou ou.

Ki kote mwen kapab remèt yon fòm Demann Aranjman Rezonab oswa yon demann alekri pou yon aranjman?

- Bay manm pèsònèl DHS la oswaabri a fòm demann ou ranpli oswa demann alekri ou a.
- Mande yon kopi demann ke ou ranpli a oswa yon resi.
- Ekri dat ou te bay manm pèsònèl DHS oswaabri a li a epi mete non moun ou te bay li a sou kopi ou a.
- Ou pa bezwen ban nou prèv kondisyon ou oswa andikap ou lè ou fè demann lan. Nou ka mande pou ou ba nou kèk dokiman oswa plis enfòmasyon ki gen rapò ak demann ou a pita.

E si mwen bezwen èd pou ranpli fòm yo?

- Ou ka mande manm pèsònèl DHS, manm pèsònèlabri, oswa yon moun ou konnen pou li ede w ranpli fòm sa yo.

Kijan mwen pral konnen si yo te apwouve demann mwen an?

- N ap ba w yon avi epi fè w konnen desizyon nou an.

E si mwen gen kesyon sou demann mwen an oswa lòt bezwen ki gen rapò ak andikap la?

- Ou ka pale ak direktèabri ou oswa manadjè dosye ou a si ou gen kesyon.
- Ou ka kontakte Biwo Afè Andikap la nan DisabilityAffairs@dss.nyc.gov

Règleman Anti-Diskriminasyon

E si mwen santi yo te trete mwen yon fason enjis poutèt andikap mwen an?

- Si ou kwè DHS te refize ba ou menm oswa yon fanmi ou sèvis oswa yo te fè diskriminasyon kont ou paske ou gen yon andikap, ou ka kontakte:

Direktè Afè Andikap pou Sèvis Sanzabri
Depatman Sèvis Sosyal Vil New York (NYC Department of Social Services)
Biwo Afè Andikap
150 Greenwich Street
New York, NY 10007
Faks: (917) 639-0442
Imèl: DisabilityAffairs@dss.nyc.gov

Ou ka kontakte Inite Plent Santral la tou nan **(718) 557-1399**.

Epitou, ou ka kontakte Biwo Medyatè a a nan **(800) 994-6494** oswa vizite Biwo a fas-a-fas nan 109 East 16th Street, lendi jiska vandredi, ant 9è:00 a.m. pou 4è:00 p.m.

Ki enfòmasyon mwen ta dwe mete si mwen fè yon plent?

- Non ou, adrès postal ou, nimewo telefòn ou, oswa adrès imèl ou.
- Yon deskripsyon sou sa ki te pase, ki kote li te pase, epi kilè li te rive.
- Non ak tit travay nan manm pèsònèl ki enplike yo, si ou genyen yo.
- Sit, pwogram, oswa sèvis DHS oswa abri a ki konsène a.

DHS angaje l pou asire yon aksè siyifikatif nan pwogram ak sèvis yo pou moun ki andikape ki annamoni avèk Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) ak lòt lwa.